ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№146 (23.054) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 30, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказ Ищхъэрэм и экономикэр нэгъуэщI къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщIэным толажьэ

Дыгъуасэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий Москва щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Правительствэм и Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ Юрий.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихьм Медведев Дмитрий жиIащ:

- Нобэ дэ идогъэкIуэкI Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныжкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ. Дытепсэлъыхьынщ мы зэманым ди къэралым и экономикэм и Iэнатlэ кудым я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэухум - промышленностми мэкъумэш хозяйствэми я Iэнатlэхэр нэгъуэщI къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщIэным зэрытелажьэм. Абы и лъэныкъуэкIэ Кавказ Ищхъэрэм щызэфIагъэкIахэмрэ адэкIэ яхуэзфIэкIынухэмрэ дыхэвгъаплъэт.

Къэралым и Правительствэм и УнафэщIыр зэпкрыхауэ тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм и экономикэм и щытыкIэм, абы щIэгъэхуэбжьауэ зиужьын папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныжкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэм хэтахэр **КIуэкIуэ Юрий** щыгъуазэ ищIащ импортыр гъэмэщIэным и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфIагъэкIхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, 2014 гъэм республикэм и агропромышленнэ комплексым фIагъ лъагэ зиIэ мэкъумэш продукцэу тонн мин 250-м щIигъу, 2015 гъэм тонн мин 353-рэ къилэжьащ. Апхуэдэу псынщIэу мы Iэнатlэм дяпэкIи зригъэужьыфмэ, республикэм мэкъумэшхэкIыу ищэр илъэсищ-плIым кьурыбыдэу хуэдитIкIэ нэхъыбэ ищIыфынущ.

Промышленностым и лъэныкъуэкIэ нэхъыбэкIэ узыщыгугъ хъуну Iэнатlэхэм ящыщу КъБР-м и Iэтащхьэм кьыхигъэщхьэхукIащ «Тарчналмэс» акционер зэгухьэныгъэ зэлухар, вольфрамрэ молибденрэ кьыщIахыу Тырныауз къалэм щыIэ предприятэхэр, «Севкаврентген-Д» заводыр.

ЗэIущIэр ихуа ижь екIуэкIа брифингым кьрихьэлIахэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къудзэз **Хлопонин А. Г**. ягу кьыгъэкIыжащ федеральнэ бюджетым и ахъшэр кьагъэсэбэпурэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я промышленностым проект нэхьыщхьэу 30, мэкъумэш хозяйствэм - проект 39-рэ зэрыщагъэзащIэр. Нэхъ ин дыдэхэм ящыщу абы къыхигъэщхьэхукIащ «хадзэхэкIхэр щахъумэ, абыхэм щелэжь предприятэ абрагъуэр», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплицэ хозяйствэхэр».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапл Iэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м ***Налшык къалэ*** ***№485-рп***

Адыгэхэм я махуэр гъэлъэпIэнымкIэ Iуэхугъуэхэр гъахьэзырыр икIи ахэр зэщIэгъэуIуауэ егъэкIуэкIым мурадкIэ:

1. Адыгэхэм я махуэр гъэлъэпIэным хуэгъэза Iуэхухэр зэхэлъхьэнымрэ ахэр гъэзэщIэнымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитет къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым хуэгъэувын Адыгэхэм я махуэр гъэлъэпIэным хуэгъэза Iуэхухэр гъэ къэс зэхилъхьэурэ къыщIэну.

3. Къару имыIэжу къыльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм фокIадэм и 9-м къыщта Унафэ №559-рп-м.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудзэз - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Н. Гъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ

ДАДЭ МуIэед

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа Унафэ №485-рп-мкIэ къыщIащ

АДЫГЭХЭМ Я МАХУЭР ГЪЭЛЪЭПIЭНЫМ ТЕУХУА IУЭХУХЭР ЗЭХЭЛЪХЬЭНЫМРЭ ГЪЭЗЭЩIЭНЫМКIЭ КЪУЫЗЭГЪЭПЭЩАКIУЭ КОМИТЕТЫМ

хэтхэр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)*

Кьумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщым и къудзэщ)*

Ахъуэхъу Къ. М. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Беппаев С. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапl Iэхэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щIэIэ комиссэм жуап зыхь и секретарыр *(зэгурыIуауэ)*

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Вэрокъуэ В. Хъ. - Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Дзэмыхь Къ. ФI. - «Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ Iапl Iэм и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Канунников А. Д. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Карчаевэ А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къудзэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

КIурашин А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапl Iэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапl Iэхэм зегъэужьынымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ Iапl IэхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Ромашкин И. К. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Темыркъан Г. Ж. - «Урысейм и Художникхэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къудамэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Художникхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

ХьэфIыцIэ М. М. - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал Iуэхущ Iапl Iэм и редактор нэхъыщхьэр, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Щоджэн Щ. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапl Iэм и унафэщIыр

Ячный И. В. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

● Дызыгъэпlейтей Iуэху

ЩIэныгъэм и фIагъымрэ абы епха жэуаплыныгъэмрэ

Егъэджэныгъэм и фIагъыр къыщапщытэ республикэ центрым иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ. Абы къыщапщытэжащ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр 2015 гъэм зэрекIуэкIа щыкIэмрэ абы кърикIуахэмрэ, апхуэдэуи щытепсэлъыхьащ еджапIэхэм щызэфIах къэпщытэныгъэ-ревизэ Iуэхугъуэхэм, нэгъуэщIхэми.

КОЛЛЕГИЕМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэз - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Емуз Нинэ**, а министерствэм епхауэ лажьэ жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, егъэджэныгъэмкIэ район Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, республикэм щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Емуз Нинэ. Коллегием и утыку кърахьэну Iуэхугъуэхэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ хуищIа нэужь, ар зэхуэсым хэтхэм кьахуеджащ егъэджэныгъэмкIэ федеральнэ Iэнатlэм кьыбгъэдэкI ФIыщIэ тхьIпIу езым кьыхуагъэхьам. Абы итт 2015 гъэм КъБР-м щекIуэкIа къэпщытэныгъэхэр ныкъусаныгъэшхуэ хэмылъу зэрызэфIахар, абыкIэ фIыщIэ ди министерствэмрэ абы и къудамэхэмрэ зэрабгъэдэлъыр. ИужькIэ абы псалъэ иритащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм егъэджэныгъэм и фIагъыр къэпщытэнымрэ еджакIуэхэм я аттестацэмкIэ и къудамэм и унафэщI **ДыщэкI Оксанэ**.

- 2015 гъэм ди республикэм щекIуэкIа Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, къэпщытэныгъэхэм хэтахэм предметхэмкIэ кьахьа баллхэр нэхъ лъагэ хуауэ, 2014 гъэм еплъыт- мэ, - кьыхигъэщащ ДыщэкIым. - Мы илъэсым зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэм яцIыщщ, къапщтэмэ, балл 80-м къыщыщIэдзауэ 100-м нэс экзаменхэм къыщызыхьахэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрыхэхуар. Апхуэдэхэр ныбжьыщIэ 859-рэ мэхъури, 851-р курыт школыр мы гъэм къэзыуахэрщ. КъэпщытэныгъэхэмкIэ балли 100 кьахьащ ЕГЭ-м хэта цIыху 13-м. Аэрри ящыщщ мы гъэм курыт школыр къэзыуха-хэм. Апхуэдэ щытыкIэм къегъэ-лъагъуэ егъэджэныгъэм и фIагъым зэрыхэхъуар, апхуэдэуи абы хэтхэм зыхащIэ жэуаплыныгъэри нэхъ лъагэ зэрыхъур.

Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, а ехъулIэныгъэхэм къадэкIуэу иджыри щыIэщ дяпэкIи зэлэжьыпхъэ Iуэхугъуэхэр. Апхуэдэу аттестат къэпхьын щхьэкIэ Iэмалымышэу щыт экзаменитIым, урыс зэзэмрэ математикэмрэ, пэлъэщакъым ЕГЭ-р зыта цIыху 470-р. Абы ящыщу еджакIуэ 27-м ята экзаменхэр хабжакъым, къэпщытэныгъэм и хабзэхэр къызэрызэпаудам кьыхэкIыу. КьинэмыщIауэ, ныбжьыщIи 5-р къэрал къэпщытэныгъэхэм екIуэлIакъым, зэрысымаджэм кьыхэкIыу.

Емуз Нинэ и псалъэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ЕГЭ-р зэрекIуэкIамрэ абы кьрикIуа Iуэхугъуэхэмрэ теухуауэ ДыщэкIым жиIахэм къыщIагъуащ егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэхэм я пашэхэм, министерствэм и къудамэ эмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэм.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъа Сэхъурокъуэ Хьэутий коллегием къыщIэтащ еджакIуэхэм программэм и лейуэ ядэлэжьэным кьихь фIагъым теухуа псалъэмакъ. Абы кьыхигъэщащ егъэджакIуэр и гъэсэнхэм репетитору ядэлэжьэжьынир ар, нэхъ мащIэ дыдэрауэ зэрыемыкIур, сыту жыпIэмэ дерсым щиритыпхъэхэм ящыщ Iыхьэхэм абы зэман щхьэхуэрэ «уасэ» хэхарэ яхуигъэув хуэдэу мэхъури.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор **Апажэ Аслъэн** коллегием и зэхуэсым кьрихьэлIахэм яжриIащ КъБКъМУ-м мы гъэм щIэтIысхьэ студентхэм апэ семестрым хуагъэувыну стипендиехэр ЕГЭ-кIэ кьахьа баллхэм елъытауэ зэрыщытынур.

- Псалъэм папщIэ, экзаменщымкIэ зэхэту балл 200 къэзыхьыфахэм стипендиеу яхуздгъэувынущ мазэм сом 7500-рэ, - кьыхигъэщащ Апажэм. - ЕГЭ-р фокIадэм зытыжыну зигу илъхэми Iэмал яIэнущ ди еджапIэм и заочнэ къудамэм щIэтIысхьэну.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

«Мэшыкъуэ-2015» зэхыхьэшхуэм шахматкIэ щызэпоуэ

Шахматымкlэ чемпионатыр, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий ядэIэпыкъуэн, къызэрагъэпэщащ Урысейм шахматымкIэ и федерацэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэмрэ.

ЩIЫНАЛЪЭХЭМ я командэхэр дэтхэнэми зы щIалэрэ зы хьыджэбзрэ хэту къызэрагъэпэщащ икIи а зэпеуэхэр олимп хабзэм тету екIуэкIащ, хэнэр хэкIыу. Зэпеуэм ещанэ увыпIэр Дагъыстэным, етIуанэ увыпIэр Къэрашей-Шэрджэсым къыщахьащ. Псоми ятекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр - ГъущIо Аминэрэ Анахаев Ислъамрэ.

Зэпеуэм увыпIэ лъагэхэр къыщызыхьахэм медалхэр, кубокхэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий къыбгъэдэкI ахъшэ саугъэтэхэр иратащ.

● ЩIэ

Лъагъуэхэм къыщажьыхь

Мы махуэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щокIуэкI бгылъэ щIыпIэхэм, мэзхэм пхрыкI лъагъуэхэм лъэсу къыщыжьыхьынымкIэ «Elbrus World Race by adidas Outdoor» зэхьэзэхуэхэр.

ТРЕЙЛРАННИНГ спорт лIэужьыгъуэщIэр кьызэрыунэхуэрэ куэд мыщIами, абы дихьэхэмрэ и телъхьэхэмрэ я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Псом хуэмыдэу ар щынэрылъагъущ США-мрэ Европэмрэ.

«Спортыр политикэ Iуэхукъым» кьыхуеджэныгъэм щIэту ди республикэм трейлраннингымкIэ мы гъэм епIанэу щекIуэкI зэпеуэхэм хэтыну кьакIуащ спортри бгыхэри зэхуэдэу фIыуэ зыльгъагъу, Урысейм и щIыналъэ эмылIужьыгъуэхэм, Эстонием, Латвием, Польшэм, Эфиопием, Ямайкэм, Танэм кьыкIа спортсменхэр.

ТрейлраннингымкIэ Elbrus World Race by adidas Outdoor зэхьэзэхуэм хэтхэр, щхьэж хузэфIэкIыным елъытауэ, зызрипщытыну гъуэгуанэр кьыхихьыжыну хуитщ.

Нобэ, бадзэуэгъуэм и 30-м, спортсменхэр щызэпеуэну «Elbrus Mountain Race» лъагъуэм километр 105-рэ и кIыхьагъщ, Азау хуейр и щIэдзапIэщ. Ар кIуным хухахар сыхьэт 72-рэщ.

ШыщхьэуIум и 1-м хуагъэхьэзыра лъагъуэхэр тIу мэхъу. Ялэм, «Elbrus Mountain Marathon»-м, километр 46-рэ, етIуанэм, «Elbrus Trail»-м, километр 34-рэ я кIыхьагъщ. А тIум ящыщу, дэтхэнэри кIуным хухахар сыхьэт 24-рэщ, Бахьсэн Ипщэ къуажэр я щIэдзапIэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Фондхэр

ЕтIуанэ мазищым кърикIуар зэхалъхьэж

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу къызэрабжамкIэ, Хъуманlэ банкым и Мыкъэрал пенсэ фондым и пенсэ ахъшэмрэ и Iэхутхьэбзэхэр къызэгъэсэбэпхэм я бжыгъэмрэ хуэдищкIэ хэхъащ. Ахэр сом мелард 245-рэ мэхъу. Абы щыщу сом мелард 234-р халъхьа пенсэщ, сом мелард 11-р пенсэ гъэтIылъыгъэщ. Ар и фIыгъэщ 2013 гъэм халъхьа пенсэхэр зэуIуу къызэрагъэсэбэпам, апхуэдэу фIэкIыпIэ зимыIэ пенсэ страхованэм пыщIа Iэхэухэр 2013 - 2014 гъэхэм егупсысауэ зэрызэфIахам. А илъэситIым къриубыдэу, я пенсэр зэрагъэуIуну папщIэ, цIыху мелуанитIым щIигъум Хъуманlэ банкым и МПФ-р къыхахащ. Иджы, пенсэ Iуэхур зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ мыкъэрал программэхэм хэтхэм яйхэри хьихьу, цIыху мелуани 3,3-м я пенсэ счётхэр абы зэхуегъакIуэ. ФIэкIыпIэ зимыIэ пенсэ страхованэм дэлажьэхэм я бжыгъэм зэуэ зэрыхэхъуам кьыдэкIуэу, езыхэм ику ит я счётми кьыщIигъащ икIи етIуанэ мазищым сом мин 78,8-м нэсащ.

ХэхъуэхэмкIи я Iуэхур Iейкъым. Пенсэ ахъшэу халъхьэр нэгъабэрей бжыгъэм фIыуэ щIегъу, мы гъэм и апэ мазищым елъытауэ абы процент 30-кIэ хэхъащ (етIуанэ кварталым - процент 12,7-кIэ). Апхуэдэу пенсэ гъэтIылъыгъэхэми хэхъуащ: апэ мазищым зэрыщыта процент 14,78-м щегъэжьауэ етIуанэ кварталым процент 15,92-м нэсыху.

Хъуманlэ банкым и Мыкъэрал пенсэ фондым и пресс-Iуэхущ Iапl Iэ.

Щіэныгъэм и фіагъымрэ абы епха жэуапльныгъэмрэ

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

Егъэджэныгъэ ІэнатІэм къэрал хабзэхэр щыгъэзэщІэным кІэльапІэныжмкІэ министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Жариковэ Еленэ** коллегием хэтхэр щыгъуазэ ищІащ Іуащъхьмахуэ щыІанЬэм хыхьэ ежьанІэхэр абы и лъэныкъэкІэ къыззэрапщытар. Жариковэм зэрыжиІамкІэ, егъэджэныгъэ Іуэхухэр зэфІахыну лицензэм къахуигъэув къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу щагъэзащІэр зы курыт школ закъуэщ, къапщІэта еджапІэ 16-м ящыщу.

- Зи гущІы тІыкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкІуэжам елъытауэщ а Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэр я къалэным зэрыпэрытынур, - жиІащ Емуэым. - Фэ псоми фочІэ иджырей зэманым егъэджэныгъэм и фІагъым къэралым гулъытэшхуэ зэрыхуищІыр. Курыт школым я унафэщІхэми егъэджакІуэхэми жэуап ткІий яхь я гъэсэнхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэм и Іьагагъыныкмкі, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и фІагъымкІэ.

Министерствэм и коллегием утыку кхрахьа Іуэхугуэ нэхъыщхьэхэм псори арэзы техьауад. Абыхэм яубзыхуащ икІи къащтащ а Іуэхуэхэм ехьэлІа унафэхэр зэрыт дэфтэрыр.

* * *

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ 2015 гъэм екІуэкІа ЕГЭ-м кърикІуэхэр щызэпкърах къыкІэлъыкІуэ зэІущІэ бадзэуэгъуэм и 28-м щекІуэкІащ «ЕкъулІэныгъэ» («Успех») еджапІэ центрым. КЬБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ - КЬБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Емуэ Нинэрэ а министерствэм и Іэщіагъэлі эхэмрэ нэмыщІ, зэхуэсым хэтащ республикэм и лъабжьэхэм я Іэтащьэхэм я къуэдзэхэр, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, Къэрал Экзамен Комиссэм (ГЭК), ЕГЭ-р егъэкІуэкІынымкІэ ведомствэ зэхуаку, предмет, эксперт комиссэхэм я пащтэхэр, экзаменхэр кьащыдыхьэ щІыпІэхэм я унафэщІхэмрэ кьызэрэпэгщакІуэхэмрэ, нэгъуэщІхэри.

Зыуэ щыт къэрал экзаменыр ди щІыналъэм кьызэрыщызэрагъэпэщам, ар зэрекІуэкІамрэ кърикІуэхэмрэ иджыри зэ зэпкърыхуэ щытепсэлъыхьыжащ зэІущІэм. Жылагъуэм мыкъэнэшхуэ щызиІэ а Іуэхуэр щызыхуэтыншэу зэфІэха хъуным зи къарурэ зэфІэкІрэ езыхьэлІа цІыху зыбжанэ кьыщыпсэлъащ абы. Апхуэдэкэт, псальэм папщІэ, зэхуэсым къаргъэблэгъэхэу «Ростелеком»-м КЬБР-м щыІэ къудамэм и унафэщІ **Мащыхъу Феликс**, Связь щхьэхуэм и управленэу КЬБР-м щыІэм и пашэ **БищІо Арсен**, щыпсытэныгъэм пыща хъыбархэм елэжьыныжмкІэ республикэ центрым (РЦОИ) и унафэщІ **Мэшыкъуэ Анзор**, 2015 гъэм екІуэкІа ЕГЭ-м пыщІауэ лэжьа предмет комиссэхэмрэ экспертхэмрэ я пашэ **Аджыр Светланэ**, Зыуэ щыт къэрал экзаменымкІэ КЬБР-м и Апеллящэ комиссэм и унафэщІ **Гуляевэ Валентинэ**, нэгъуэщІхэри. Ахэр зэпхърыкІауэ тепсэлъыхьащ я нэІэм щІэту зэфІэха лэжьыгъэхэм хэлъа щхьэхуэныгъэхэм, лъэпощхьэпохэм.

Емуэ Нинэ жиІащ мыгъэрей ЕГЭ-р нэхъыбІу кьызэрэпэща икІи егъэкІуэкІа зэрыхьуар.

- Ди щІыналъэм ильэсит І и пэкІэ щата Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм кьарикІуэхэр псоми фочІэж. Нэгъаби мы гъэми щытыкІэр ефІэкІуэжащ. Дауи, ныкъусаныгъэ гуэрхэри хэлъщ иджыри ЕГЭ-м пыща Іуэхугуэхэр гъэзэщІа зэрыхъум, ауэ, итІани, дикІыфащ щыпІэ «пльыжьым» - дыхэтщ «Гъэжьым». Апхуэдэу едгъэкІуэкІмэ, етІанэгъэ ди Іуэхуэхэр зэтеувэжыпэнурэ, ЕГЭ-мкІэ щыпІэ «удыдфэм» дыхьыхьэжынущ, - жиІащ министрым.

Зэхуэсым щыжаІа псори апхудэу кьызэщІикъуэжа нэужь, абы фІыщІэ ин яхуищІащ псэ хьэлэту абы хэтахэм, лэжьыгъэ хупщІафІэ кьеэзыхьэлІахэм.

- ЕхъулІэныгъэ гуэр нобэкІэ диІэмэ, ар, псом япэрауэ, зи фІыщІэр фэращ - экзаменхэр щекІуэкІа щІыпІэхэм пэжу, жэуаплныгъэр зыхащІэу щылэжьахэрщ, - кьыхигъэщащ Емуэ Нинэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 30, *махуэку*

♦ЦІыхухэмкІэ сату щыным ебэныным и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее нэхъыщхьэм 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м кьищта унафэм ипкъ иткІэ ирагъэкІуэкІ.

♦Зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо махуэщ

♦1932 гъэм Лос-Анджелес (США) кьыщызэІуахащ Х гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦1980 гъэм Израилым и кнессетым къэралым и щыхьэру Иерусалим игъэуващ.

♦Ялп рангым и капитан, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, дзэ-тенджыз щІэныгъэхэм я кандидат **Вэрокъуэ Гъузер** кьызэралъхурэ ильэс 99-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, хьэрычэтыщІэ, политик **Шварценеггер Арнольд** и ныбжьыр ильэс 68-рэ ирокъу.

♦Политик, УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и къудзэ **Железняк Сергей** и ныбжьыр ильэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налышк уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 23 - 24-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 31, *мэрем*

♦Системнэ администраторым и махуэщ

♦1954 гъэм КПСС-м и Комитет нэхъыщхьэмрэ Министрхэм я Советымрэ унафэ кьащтащ Новая Земля щыпІэм ядернэ Іэщхьэр щагъэуэнэхуну полигон къыщыдэгъэпэщыным теухуауэ.

♦1956 гъэм Москва Ленининым и цІэр зезыхьэ стадион нэхъыщхьэр къыщыдэІуахащ. Иджыпсту ар Лужники стадионырщ.

♦1994 гъэм Бубка Сергей бжьр иІыгъыу ЛъагапІэм дэлъеиныкмкІэ дунейпсо рекорд игъэуващ. Абы хуэфІэкІат метри 6-рэ сантиметр 14-рэ хъу Лъагапіэм щхьэпрылъэтыну.

♦1990 гъэм къызэрагъэпэщащ «Газпромбанк»-р.

♦1991 гъэм Москва СССР-мрэ США-мрэ Іэ щытрадзащ зэребгъэрыкІуэ Іэщхьэр (СНВ) гъэмэщІэным теуауэ.

♦Малайзием и къалащхьэ Куала-Лумпур кьыщыхахынущ 2022 гъэм екІуэкІыну щыкъуэ Олимп джэгуэр щызэхэтыну къалэр. Апхуэдэ хуитыныгъэм щІэбфынынуэкІэм ящыщщ Къэзахъстаным и Алма-Ата къалэр, Китайм и щыхьэр Пекин.

♦Франджы киноактёр, XX лІэщІыгъуэм и джэгуакІуэ нэхъ щэджащэхэм хабжэ **Луи де Фюнес** щыхьэралъхурэ ильэси 101-рэ ирокъу.

♦Цирким и утыкур ильэс куэд хьуауэ зыгъэбжьыфІэ, джэгуакІуэ телъыджэу къальитэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Попов Олег** и ныбжьыр ильэс 85-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджьІакІуэ, акрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Пьехэ Эдитэ** и ныбжьыр ильэс 78-рэ ирокъу.

♦Телензэтынхэр езыгъэкІуэкІ, актёр, продюсер, цІыхубэм фІыуэ ялъагъу «Телъыджэхэр къыщыхъу губгъуэ» джэгуакІэм цІэрыІуэ ирихъуа **Якубович Леонид** и ныбжьыр ильэс 70 ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, АКЬУ-м и профессор **Бидэнокъуэ Мурат** и ныбжьыр ильэс 51-рэ ирокъу.

♦Британием щыщ тхакІуэ, Поттер Гарри теухуа тхыльтхэр зи Іэдакъэщ Іэкі **Роулинг Джоан** и ныбжьыр ильэс 50 ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Белгород кооперацэмкІэ, экономикэмрэ правэмкІэ и институтым и къудамэу Налышк дэтым и профессор **Жэрыкъуэ Оксанэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налышк пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 34-рэ, жэщым градус 22 - 27-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Егъур гъуэтыгъуафІэщ, благъэр гъуэтыгъуейщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Гъавэ

КъыдэхъулІэну пІэрэ?

Сыт щыгъуи дытемыпыІэу дыпоплъэ гъэмахуэм. Ауэ ар къытхуокІуэри, зэм уэшхым дыщІегъанэ, зэм уэ къытхуехь, зэми щІыІэ, зэми, хуабащэ зыкъещІ. А псори ди нэгу щІэкІащ мы гъэм. Атіэ гъэмахуэм щыщу къэнэжа зэманыр сыт хуэдэу щытыну? ИкІи дунейм и щытыкІэм сыт хуэдэ щыкІэкІэ ижь ди экономикэм къыщІихуну? А упщІэхэм я жэуапхэр къелъыхъуэ «РГ»-м.

АБы мыхьэнэ ин иІэщу: дунейм и къэхъуэкъащІэхэм зы ильэсым кьыдат хэщІыпІэгъэхэр сом мелард 30-м къыщыщІэдзауэ мелард 60-м нос.

«Къэралым шынагъуэ зыпылъ дунейм и щытыкІэ зэмылІэужьыгъуэу 30-м щІигъу кьыпоплъэ, - дигъэгъэвваш щыуэпс кьулеигъэкъмрэ экологиемкІэ министр Донской Сергей. - Абыхэм я Іыхьэ щанэр кьепщащ жьышхуэ дыдэхэрщ, гъэжькуайкъэщ. Адрей Іыхьэ щанэр псыдзэхэмрэ узгъуэхмрэщ. Апхуэдэ къэхъукъащІэхэм я бжьгъэм гъэ кьэс процент 6 - 7-кІэ хохьэ икІи ильэсипщІ дызыхэкІуэм хуэдитІым щІигъэкІэ зэІэтынкІэ хъунущ. Абы щыгъуэми иужь ильэсхэм щІыуэпс кьэхъукъащІэ инхэм Іисраф ящІым куэдкІэ хэхъуащ.

АтІэ иджыдэй гъэмахуэр сыт хуэдэ? Ар адрейхэм елеекІрэ? «Мы гъэм Урысейм щыщыІэ дуней щытыкІэр адрей ильэсхэм кьаззрыщхьэщыкІ щыІэкъым, - ди гур фІы ищІащ УФ-м и Гидрометцентрым и унафэщІым щІэныгъэмкІэ и къуэдзэ, профессор Киктёв Дмитрий.

ИкІи къыдгуригъэІуащ: «Дэращ зи гугъэр бадзэуэгъуэр щыІэтыІэу. Ауэ, псальэм и ныкъэрыкІэ, Москва бадзэуэгъуэм и ялп Іыхьэм нэхъ щыхьэбащ, етІуанэм градусыр нэхъ ІыхьэшхуэкІ щыщхащ. Зэрыщыту кІапщтэжа, хуабэр градус 23,1-м щынос». Ику ит температурэр кьэпхэтну гугъукъым. Ауэ сыт мы зэманым къэралым кьыщыхьуэр?

Ди газетыр Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм елъэІуащ языныкъуэ щыІанЬэхэм кьыщешх уэшхыш-хуэхэмрэ адрей щІыпІэхэм зэрыщыуэгъумрэ яжь ГъавэМ и бэвагъым кьызэрыщІихуну щІыкІэм тепсэлъыхьыну. А псоми ерыскъыкІэхэр ямыгъэмэщІэну, апхуэдэу абыхэм я уасэхэр драмыгъэуеину пІэрэ?

Гъэшымрэ лымрэ

«Дауи, гугъуехьхэр щыІэщ, - жиІащ министерствэм и къудамэм и унафэщІ Чекмарёв Пётр. - Языныкъуэ щІыналъэхэр, Саратов, Волгоград, Оренбург областхэм хуэдэхэр, узгъуэм иІыгъащ.

Арщхьэкіэ дэ ди къэралыр инщ, дуней щытыкІэр щІыналъэхэм щызэщхькъыбым. Ильэс кьэс гъавэм щыщ Іыхьэ псыдзэхэм, узгъуэм, н.къ. яхь. Ауэ мы гъэм егъэлея гуэрхэр щыІэну тлъагъуркъым».

Уэлбанэ кІыхьхэм я гугъу пщІымэ, ахэр ин дыдэу щытакъым. Ар фІыщІ: къэкІыгъэхэм псы щІэгъэльадэн хуейкъым. Абы къокІ Іусыпхъэ куэду диІэну. Апхуэдэу щыщыткІэ, гъэшІ лыи дыщыщІэнукъым.

КІэртІофыр

Мэкъумэшыщіэхэм иджы кьыщыщІэдзауэ кІэртІофыщІэхэр къатІыж. Губгъуэм кьрахьэр мы зэманым, псальэм и хьэтыркІэ, Брянск областым, зы килограммыр сом 15-кІэ щащІ, къэзыгъэкІри зыщэхури арэзыуэ. Куэду кьрахьэлІэжьи щІадзэмэ, уасэр сомипщІым кьехьнри хэлъщ.

Дэнэ щІыпІэ умыплъэми, гугъуехьхэр щІыбольагъу. Языныкъуэ щІыналъэхэр псыдзэм егъэзугъэ: Хабаровск крайм щхьэщыщІ псыр кьызыпыж «Чан-Хой» жьапщэр. Уэшхышхуэм Ростов областым щхьэмыжэр щигъэгъуэлъати, Іухыжьгъуэр тхьэмахуищІкІэ ягъэІэпхъуэн хуей хъуащ. Краснодар крайм уэлбанэм и зэранкІэ гуэдзымрэ хьэмрэ Іуамыхыжьфу кьыщокІыкІ. Орёл областым гъавэм и Іыхьэ планэр щафІэкІуэдынкІэ шынагъуэ щыІэщ - уэшхым щІыхуэхэр губгъуэм иригъэхьэрыкІыж.

Ильэс етІуанэ хьуауэ уэшхым и зэранкІэ мэкъуэ Іисраф щохъу Уралым. Ар хуабжьу удыныыхъущ гъэш куэду кьыщыщІащ щІыналъэм и дежкІэ. Ауэ языныкъуэ щІыналъэм узгъур щытепщащ. Уеблэмэ жьышхуэм нэхъри щІыр егъэгъущ. Саратов областым и щІыналъэ 31-м бадзэуэгъуэм и пщІым щагъэуващ щытыкІэ кьызэрыщыкІуэм и хабзэр. Ар иджыри кьэс якъутэжакъым. Кемеровэ областми зы мазэ хьуауэ хуабэр градус 30-м и кІэ къехьыркъым. Синоптикэм щІыналъэм щыпсэухэр къаргъэгугъэкъым щыщхьэуІуми уэшхышхуэ кьеШхыну.

Белгород, Курск, Липецк областхэр сабэр кьезыхьэкІ жьышхуэ зыщІэт узгъум иІыгъауэ (абы кьыхэкІыу фошыгъу жэгундэр щІэрыщІэу трасэжьи хуей хъуащ), зэуэ уафэгъуагъуэ зыщІэт узлбанэ кІыхьым иубыдащ.

Ауэ дунейм и щытыкІэм и закъуэ хэщІыныгъэ псомкІи кьуанщэр? Ди экономикэр езыр хуэхьэзыр кьэхъукъащІэ зэмылІэужьыгъуэхэм? «Ильэс кьэс къыщІокІ хуэмыкъэзэрыщІуэ», - жеІэ Киктёв Дмитрий. ИкІи Іуэхур зэдэщІэр дунейм и щытыкІэр зыхуэдэм куэдкІэ елъытэ мэкъумэш Іэнатіэм и закъуэкъым. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым энергетикэми, транспортми, ухуэныгъэми я Іыхьэ зэрыІыгъыр.

Нэхъыбэми хуэдэу, мыхьэнэ ин иІэщ дуней щытыкІэр зыхуэдэнур пасэу кьаШІэныр. Метеорологэм щыуагъэнщэу кьыбжьэр кьэкІэуну махуищым дунейм и щытыкІэнурщ. Тхьэмахуищ е мазэ дэкІмэ кьэхъунур хуагъэфащэ кьудейуэ ящащ.

Зэкіэдызыпэмыплъа гужьеигъуэ гуэри дыІууакъым. Гугъу ехьми, ахэр абы есэжащ - мэкъумэшыщІэхэм гъавэр Іуахыж.

«Российская газета».

● Хьэрш

КРОУЛИ Эдвард:

Дыззэгъусэмэ, нэхъыбэ тхуэзфІэкІынущ

Дэрэ американхэмрэ пІалъэ кІыхькІэ дыщыззэпеуащ хьэршым. Арщхьэкіэ зэманым къигъэлъэгъуащ абы щызэдзэдгъэшын гуэри зэрыщымыІэр. Иджы ар къэгъэлъэгъащІэ и Іэныкъуэкіэ дызэдолажьэ. Дыщызэдолажьэри абы и закъуэкъым. Уэгу жьыжьэр коммерцэ мурадхэмкІэ къэгъэсэбэпынымкІэ Іэщіагъэлі нэхъыфІхэм ящыщ, аэронавтикэм и профессор Кроули Эдвард илъэс еплІанэ хъуауэ Москва щолажьэ ЩІэныгъэмрэ технологиехэмкІэ Сколковэ институтым (Сколтех) и ректору. Американым зыхуэдэзащ мыпхуэдэ упщІэкІэ: «Дапщэщ хьэршым мылъкушхуэ тедгъэкІуэдэныр духэну абы езым хэхъуэ къыщыхуихыну зэманыр къыщысынур?»

Ар жыжьэжкъым

- Эдвард, псоми жаІэ хьэршыр нэхъ гъунэгъу къытхуэхъуу. Ауэ абы тУристу лъэтэну мелуанырыбжэ куэдми яхуэзфІэкІынукъым. 2001 гъэм ялэ турист Тито Денниис абы доллар мелуан 20 щІитащ, иджы ар доллар мелуан 35-рэ я уасэщ. Ику иту псэу цІыхур зыплъыхьакІуэ хьэршым щыкІуэфынур сыт щыгъуэ?

- А зэманыр куэдкІэ нэхъ гъунэгъущ уэ уэзригутъэм нэхъра: Ильэси 5 е ильэси 10 хуэдиз дэкІмэ, дэ тщыщ куэдым хьэршыр зрагъэзльагъуфынущ.

- Уэ угуныІэрэ?

- Си фІэщ дыдэу жызоІэ! Іэмал имыІэу щыткъым Мазэм е хьэршым ульэтэныр. Ауэ, уи хьэльагъэр щызэхьумыщІэ щытыкІэм уиувэфынущ, космонавт дыдэм и пІэм укъиухутэфынущ. Пэжщ, пІалъэ кІащІкІэщ. Уэ уольатэ, кхъухьым уеІэт зыхуеину лъагагъкІэ икІи дакъикьи 10 - 15-кІэ зи гугъу тщІа щытыкІэм уитщ, итІанэ ЩІым кьыбогъэзэж. Мы Іуэхум зэману текІуэдэнур сыхьэти 2-м къыщыщІадзэу 4-м нэсщ, уэзрихуагъэхьэзырри хэту, щІэпытынур додлар мин 50-м нэблагъэщ.

- Къуэдым апхуэдэ Іэмалыр къагъэсэбэпыну къыпщыхъурэ?

- Ар къэзыгъэсэбэпынур Непалым кІуэуэ Эверест дэкІ цІыхухэм хуэдэхэрщ. Эверест удэкІамэ, уэ лІыхъужьу зыкъыбольытэж. А Іуэхум зэману зы мазэ, ахъшэу доллар миницэ текІуэдэнущ. Пэжу, щІихуПІэм уеХуэхьынри е щІыІэм уисынри абы хэлъщ. Ауэ а шынагъуэм цІыхухэр кьызэтриГъэувыІэркъым. Дэ ди гугъэщ апхуэдэ цІыхухэр хьэршым лъэтэну хуейхэм я чэзум кьыхуэвэну. Ялэщ щыкІэ зы мазэм хьэрифыбдэу цІыху 20 - 50 хуэдиз яГъэльэтэжрэщ.

- Европэм и дежкІэ цІыху 20 - 50-р зырикІщ.

- Фи дежкІэ зэрыщыжаІэщи: «Москва занщІэу яухуакъым!» Ялэ кхъухьльатэхэр кьыщежьам абыхэм итІыхьэфыр цІыху къулей дыдэхэрт. СощІэж ялэ калькуляторыр доллар 900 и уасэу зэрыщытар. Иджы ар хуэдэ Іэджэкіэ нэхъ пудщ. Ар дыдэр кьыщыщІынущ хьэршым ульэтэным ЩІэптыну уасэми.

Европэ спутникыр. Европэм хы щыІэщ, апхуэдэу щыщытКІэ, гъащІи щыІэнкІэ хъунущ. Юпитерыр ваГуэ хъун зыхуэзфІэмыкІа планетэщ икІи абы радиацэр хуабжьу щыгуащІэщ. Дэ абы иджыкІэ дыхуэхьэзыркъым.

- Хьэршым зэгуэр фейдэ кьыдитыну? Псалъэм и хьэтыркІэ, Урысейм зэхилъхьащ Мазэр къэгъэІурыщІэныжмкІэ программэ. Илъэс 15 хуэдиз дэкІмэ, дэ абы станц щыдухуэну икІи щІэлъ къулеигъэхэр къэтхутэну зыдогъэхьэзыр. Абы фейдэ кьытхуихьыну?

- Зэгуэр сэ си студентхэм сельэІуащ есэ гуэри ящыкьыну. Псалъэм и хьэтыркІэ, Мазэм фыльэтащ икІи абы налкъутхэр кьыщыбгъэтащ. Кьызыщыбгъэхьу, фыкъежьэжьын и пэкІэ налкъутхэр фи жьыпхэм ярыз фщІауэ. Аущ а налкъутхэм кьащІэкІыжьину Мазэм фыльатэу фыкъызэрыкІуэжам текІуэдар? Есэпыр зыщІыжахэм жаІащ: кьащІэкІыжьынукъым. Ауэ абы къикІрэ хьэршыр сэбэпынщэу? КъикІыркъым. Космосым щылажьэ Іэмэпсымэ псори увыІауэ кьызыщыбгъэхъуат. Навигацэ, жьп телефон щыІэнхэм, телевиденэр лэжьэнукъым. Кхъухьлъатэхэр зезыгъэкІуэхэм кьахуэщІэнукъым здэщыІэ щІыпІэр. Псори зэхэзэрыхьынущ. Дэ къытхуэхутэнукъым дунейм и щытыкІэнур. ЦІыхур псэуфынукъым хьэршым пымыщІауэ.

Сэ сыхуейтэкъым абыхэм сахуэзэну

- Дэ хьэршым гъащІэ кьыщыдолъыхъуэ, нэгъуэщІ галактикэхэм запытщІэну дыхуущІокъу. Америкэр кьызэІуаха иужь индейкэм кьащыщІар кьыщымыщІыну пІэрэ? ДызыщыщІыщІэ?

- Дэ Дыгъэ системэм и кІуэцІкІэ кьыщыдгъуэтыфынуну гъащІэр бактериехэм фІэкІырркъым. ФІэщщыІуеийц дэ зыщІыпІэ псэуущхьэхэм дащыхуэзэну. Ауэ абы и щІыбкІэ щыІэ цивилизацэ зызыужьа гуэрым дыхуэмызэмэ нэхъыбІщ. Сэ ар слъагъуну сыхуейкъым. Ар гужьеигъуэ дыдэу щытынущ.

КОРОБАТОВ Ярослав, АРАСЛАНОВ Антон.

«Комсомольская правда»

● Ингуш

ЩІыналъэ пщалъэхэр

Республикэм и еджагъэшхуэхэр йолэжь щІыналъэм и тхыдэр курыт школхэм зэрыщрагъэджыну тхылым.

- АР АПХУЭДЭ ялэ тхылъу щытынущ, - кьыджиІащ Ингуш Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Зязиковэ Лизэ. - Пэжщ, гъэ еджэгъуэщІэм ар ныбжьыщІэхэм я пІэрэзыхьэм - яГъэхьэзыр къудейщ. Дыщогугъ, илъэс дэкІмэ, школхэм щрагъэджыну.

Зязиковэм и псалъэхэм ятепщІыхьымэ, Ингушым и тхыдэм теухуауэ республикэм куэд щызэхуэхьэсащ. Иджы къахуэнэжар зэрыхуэфащэу зэпэгъувэн къудейщ. ЗэкІэ школакІуэхэр езыхэм я пІэнпхъыи и къекІуэкІыкІам щыщагъэгъуазэ тхыдэмэдж ингушыбзэмкІэ я урокхэм, къатъэсэбэпри нэгъуэщІ литературэщ.

- Тхылъыр федеральнэ, щІыналъэ пщалъэхэм ятещІыхьауэ щытынущ. Школхэм щІыпІэ тхыдэм сыхьэт щхьэхуэхэр щыхухахынущ, - кьыщыдгурагъэІуащ Ингушым ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм. Ар Іыхьэ тІу зэпыудауэ щытынущ: зыр епхуанэ щІыпІэ тхыдэм сыхьэт щхьэхуэхэр щыхухахынущ, - кьыщыдгурагъэІуащ Ингушым ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм. Ар Іыхьэ тІу зэпыудауэ щытынущ: зыр епхуанэ - ялнэ класхэм щеджэхэм, адрейр ебгъуанэм щІэсхэм папщІэ.

АНДРЕЕВЭ Аннэ.

«Аргументы и факты»

ПІалянэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Кение

США-м и президент Обамэ Барак и адэм и хэку Кением щыІащ иджыблагъэ. Абы Барак щызэригъэлъхуащ и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ мыри: США-м я къэралыгъуэ зэриГуэтрэ (1776 гъэ) абы и унафэщІыр ялэ дыдэу кІуэуэ аращ Кением.

● Къару

Жэуапхэм ящыщ зы закъуэ

Зэман гъунэгъу дыдэм Урысейм ТУ-22М3 жьыжьэрылъатэ бомбэзэхьэхэмкІэ игъэльэщынущ Кърымым щыдиІэ Дзэ-Хьэуа къарухэр.

УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, ар и зы жэуапщ США-м и ракетэхэр Румынием и щІыналъэм къызэрыргъэувэм. Зэман дэкІмэ, эскадрилъер авиаполким нагъэсынкІэ хъунущ. Ракетэзэхьэхэм я хэщІапІэу щытыну кьыщІэкІынущ Гвардейскэ аэродромыр.

- ЭСКАДРИЛЬЕМ хуэзфІэкІынущ тенджызь ФІыщІэмрэ абы кьеГэщІыкІа щІыналъэхэмрэ я уэгур ихъумэну.

Мы кхъухьлъатэм хуагъэува къалэн псори щызэфІегъэкІыф уэгуми, щІы щІыІуми, тенджызхэми. Абыхэм яхьыфынущ макъым нэхърэ нэхъ псынщІэу лъатэ ракетэхэри, бомбэ, лагъым зэмылІэужьыгъуэхэри.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм ипэІуэкІэ щыжаІащ Урысейм кьебгъэкІыІуэ хъужькъуэмэ, урысей къарухэм я ялп удыныр Румынием щагъэув американ ПРО-хэм ягъэгъэзауэ зэрыщытынур.

Фигу къэдгъэкІыжынщ УФ-м и Президентым жиІар: «Зыгуэр кьытеуэнкІэ щынагъуэ щыІэмэ, Урысейм езым и къарур тригъэпсэн хуейщ щынагъуэр кьызыпкърыкІ къэралым».

XX лІэщІыгъуэм и 70 гъэхэм тенджызь ФІыщІэ флотым иІэт Весёлое, Гвардейское, Октябрьское аэродромхэр зи хэщІапІэ ракетэзэхьэ полкищ зыхьыхьэ ЕтІуанэ гвардей дивизэ.

1994 гъэм и кІэуэным абыхэм ящыщу кьэнэжар Весёлое аэродромым щыІэ 943-нэ авиаполкым и закъуэщ.

ИльэситІ дэкІри, а полкыр ягуэшащ: Урысейм Ту- 22М3-уэ 19, Украинэм - 20 пльысащ. Ауэ Украинэм льыса ракетэзэхьэ пІэщІэм кьахэнэжар гущІыкІэщ.

Урысей кхъухьлъатэхэр Ищхьэрэ флотымрэ хы Хуэм флотымрэ я хэщІапІэхэм ягъэІэпхъуащ.

Ту-22М3-м хьэлэту тонн 245-рэ еІэтыф. Абыхэм ящыщу тонн 24-р Іэщщу. Сыхьэтым километр 2000 зэпичыфынущ.

ЕГОРОВ Иван. *«Российская газета»*

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

ЗэзыдзэкIар БЕР Хьэбалэщ

(КIэлъыкIуэр.
ПэщIэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 145-хэм итщ).

Ауэ ІупщІу гу лъызотэ мазэ къепсым пшэ техьауэ,
Си фэеплъ щхьэтепхъуэ дахэр и дамитЫым тещэтауэ,
Телъщ губжьыфэу, тахътэ щабэм ар щхъуантІагъэкІэ хуэпауэ,
Дыхьэрэным хуэдэу бжьыфІэу щыта нэкІури фагъуэ хъуауэ.

Щылъщ апхуэдэу, щым зищІауэ, къаплъэн ябгэр къилъын пфІэщІу.
Губжьыр щІэтми и нэгунтЫм, соплъ абы зыщызмыгъэнщІу.
СегъэтІыс АсматкІэ, сепІри абы нэхъри сыпэІэщІэ.
Зэхеуфэри и нэкІур, зыкъеІэт Нестани хъущІэу:

«СогъэщІагъуэ, укъэкІуащи, ита псалъэм теджэгухьыр!
Уэ тхьэгъэпщІу, уэ пщІыупсым си нэщІыбкІэ сыт щызепхьэр?
Ауэ фІыуэ мыр зэгъащІэ: къыпхуэгъункъым си гуэныхьыр».
Сэ жызоІэ: «Сыту пІэрэ мыхъумыщІагъэу пкІэлъызесхьэр?

Ар сымыщІэм, сыт жэуапу уэстыжынур? Сыт къэхъуар?
СыткІэ сэ сыкъуаншэу пІэрэ? Уольагъу си лыр зэрыттКІуар!»
Жэуап къетыр: «Си фІэщ схуэщІкъым сэ бзаджащІэм сКыжьэдэкІар.
Сыщыуащ сэ сыцІыхубзти, арщ мыгъуагъэр къыздикІар!

Сыт щІумыщІэр? Хорезм щылъхур си щхьэгъусэу ягъэІуакъэ?
ЯщІ унафэм урителъхьэу уэри хасэм щыжыпІакъэ?
Лъагъуныгъэр ІэщІыб пщІыри, зэтта псалъэм уепщІыжакъэ?
Пхуэзгъэгъункъым ар бзаджащІэм! Тхьэ пхузоІуэр!
Мыр КъурІэнкъэ?

Лъагъуныгъэм уигъэщэІуу, пщІэжрэ нэпсу щІэбгъэкІар?
Хущхьуэу щыІэр дохутыр хъущэм пхузэблахьыу щыщытар?
НэкІур нэпсым иригъэсми, пщІыщ цІыхухъуэм зиІэу хъуар.
УепщІар пэжмэ, епщІыжыпэ! Тлъагъунщ апэ щІегъуэжар!

Мыр зэвгъащІэ: Инд пащтыхьу сэ ящІынур хэтми сщІэркъым.
Ар Іейу щытми, фІым я фІыжми, унафэщІу ар щытынкъым.
Сэрщ иЭнур Индым тепщэу. Уи хьилагъкІэ къоХуэлІэнкъым.
Урещхьыжщ уэ уи гурыльхэм, - пщІыр уигу пыкІыу,
пэж блэжьынкъым.

Сэ сыпсэумэ, Индус хэкур къэббгынэнщ уэ уепІэщІэкІыу,
УимыкІыну мурад пщІырэ, сыпщыскхьынкъым, сыпфІэлІыкІыу.
Къэбгъуэтынкъым уэ сэ схуэдэ, къэпкІухьами щІыр щІэпщыкІыу...»
Тариэл абдеж щым къохъур, псэлъэн адкІэ хулъэмыкІыу.

Пещэр адкІэ: «ЖиІар пщащэм икъукІэ ІэфІ сщыхъуат сэ, пэжу,
Абы нуру къыщхьэщихыр къыстопсэжыр нэхъ нэхужу.
ГъэщІэгъуэнкъэ, сэ сыпсэуци, псэм и щІасэр симыІэжу!
ГъащІэм уэри силъ ефэныр щыбгъэтам хъунт, цІыхуу субжу!

Сыплъэм аддэ пІэщхьагъыпэм телъ КъурІэныр къызолъагъу.
Ар къэсщтауэ, солъэІу пщащэм зыхуэсщІауэ нэхъ гъунэгъу:
«Сыарэзыщ уэ пщІэмкІэ, Дыгъэ! Лей зесхьам къыскхуумыгъэгъу,
Ауэ псалъэ сэ жызгъэІэ, къыслъыгъэси уи гущІэгъу!

Мы си псалъэм пщІы къыхэкІмэ, пкІэлъызесхьэмэ цІапІагъэ,
Срежэх сэ щІыкъатиблкІэ, къыстемыпсэу дуней дыгъэ!
Ауэ сыхъумэ уи фІэщ, ди Тхьэ, сэ збгъэдэлъкъым зы къуаншагъэ!»
«ЖьыІэ!» - жиІэу и щхьэр щищІым, и гущІэгъукІэ сыкъогугъэ.

Къыпзощэ адкІэ: «Си псэ! СепщІыжамэ уэста псалъэм,
Сырежэх сэ щІыкъатиблкІэ, нэху щІэмыпсэу си нитІ къаплъэм.
Къытехьэнкъым дунеишхуэм хуэдэу гуакІуэ уэ уи теплъэм.
Дэджэгуэгъу сщІам лъагъуныгъэр, пхрырех гур удын хьэлъэм.

Зэхуишэт пащтыхьми Хасэ, абы сэри сриджащ.
Хорезм щылъхур малъхъэ ящІмэ, ямыжагъуэу гу лъыстащ.
Сапэрыуэу псалъэ хэслъхьэм, пщІэншэ хъуну къэслъытащ.
Си хьэдагъэу дуней нэхур, жаІэм зэкІэ зыдэсщІащ.

Щхьэ къэплъакІэ утегушхуэу сыт пащтыхьым уеныкъуэкъукІэ,
Пащтыхьыгъуэр зыльысыпхъэу Индым исыр щимыльагъукІэ?
Тариэлщ ар зыхуэфащэр, - нАІуэщ ар щІыхубзм дежкІэ.
Пащтыхьыгъуэр сэ сфІихыну щІэкъур щоуэ хэтми икъукІэ.

Лейт абдеж уныкъуэкъуэну, нэгъуэщІ кІуапІэт щІын хуеяр,
Къызэгуичу бампІэм си гур, ядэсІыгъщ мурад ящІар.
ЖесІэрт си гум: «УмыпІащІэт, пІуэтэжынщ лей къыплъысар!»
АтІэ, хэт сэ, лъагъуныгъэр ІэщІыб сщІыуэ, узэстар?

ІуэгъэкІуэтри лІыхъужьыгъэр, си гур схъумэу си псэр сщащ.
Ауэ розэм къещІыІэкІыу тешха уэшхыр зэпыуащ!»
ФІыщэтежу и ІупитІыр пщащэм гуапэу мыр жиІащ:
«ГурыІуэгъуэщ: екІуэкІ Іуэхум екІун гьуэгу къыхуэбгъуэтащ».

Си фІэщ хъункъым уэ бзаджагъэр уи гуращэу гъуэ пщІауэ,
Дуней фІыгъуэм уельэпауэу, ижэгъу Тхьэшхуэм зыхуэпщІауэ.
ЩІэ-тІэ пщІэнур! Ауэ, пщыгъуэр къыплъысынкъым сэрынщауэ!
ДитІысхьэнщ дэ пащтыхь тахътэм, лъагъуныгъэм зы дищІауэ!»

Губжьыр ІэфІкІэ зэредзэкІри, нэщхъ зэхэлъыр еІэтыж,
Дыгъэ нуру зэщІонэжри, и бзийр си гум хъредзэж.
СегъэтІыс къыскхуэгумащІэу, псалъэ ІэфІхэр схуещІ гупыж.
И бзэ къабзэм сыдехьэхри, си губампІэр мэзэгъэж.

Абы жеІэ: «АкъылыфІэр епІэщІэкІыу Іуэху хыхьэнкъым,
Гуапагъ хэльуи ещІэ ищІэр, ауэ дзыхэу къикІуэтынкъым,
КъыумыгъакІуэм си псэлъыхъур, сядэм и гум ар техуэнкъым.
Е къикІынщи фи зэщыхьэм, Индым цІыхуи къинэжынкъым.

Хорезм щылъхур дищІ къибгъэхьэм, абы псэгъу сэ сыхуащІынщ.
Мис итІанэ дуней нэхур уэркІи сэркІи ункІыфІынщ.
Исынщ аэхр пщынПэм тхъэжу, дэ ди гъащІэр мыгъуэу тхьынщ.
Хьэуэ, персыр унафэщІу дищІ исыныр Іуэху мыхъынщ».

«ИрелъэІу Тхьэм ар, - жызоІэ, - уэ щхьэгъусэ пхуимыщІыну,
Инд хэкушхуэм ар къихьауэ къызэрысщІэу, къыплъыхъуну,
СыІущІэнщ абы, зэІущІэр и гум куэдрэ къэкІыжыну.
СщІынщ а малъхъэр нэджэІуджэ, зэплъыжыху фыз хуэдэу гъыну».

Жэуап къетыр: «Зауэм хуэкІуэм, сыцІыхубзщ сэ - сыт схуэщІэн?
Ауэ, бийм сэ си гур щІэгъуу, и уІэгъэ хуэзмыпхэн...
Ахэр къакІуэм - укІ а малъхъэр, - куэдым я псэ умыгъэн.
КъоГъэгъэж жыг гъуар щІэрыщІэу, пэжыр хуэхъумэ щІэгъэкъуэн.

ЗэфІэгъакІ тэмэму Іуэхур, асльэн бланэу лІыхъужь гуащІэ!
Уахэмыхьэ пщІыгъуу дзэшхуэ, щэхуу теуи укІ, имыщІэу.
Бий дзэ хъушэм щхьэмыгъазэу уахэльадэу умыгуащІэ.
Гуэныхьышхуэщ хейр букІыну, хамэу щытми. Ар умыщІэ.

Ар зэфІэкІмэ - сядэм хуэзи, зыхегъащІэ пхулъэкІынур.
Абы жеІэ: «Сыт си хэкум хамэр тепщэ щІыхуэсщІынур?
Лъыгъэсынкъым бийм зы мастэ! Сэращ Индым и лІыщхьэнур!
Къыскхуумыдэмэ - зэгъащІэ фІыкІэ зэримыухынур!»

Ауэ сядэм лъитэн хуейкъым зы мэскъалкІи гу ди щэхум.
Ар къамыщІэмэ, укъуаншэу къыпхужиІэфынкъым цІыхум.
Іэмальншэ хъунщи, сядэр арэзы техъуэнщ ди Іуэхум.
Дыдей хъунщи пащтыхьыгъуэр, дихутэнщ лъагапІэ нэхум».

Сигу ирохьри и чэнджэщыр, сэри быдэу мурад сощІ:
«ІэщІэкІынкъым мы си джатэм бийуэ къытхуикІар хамэщІ!»
ПэгъунэгъуІ зыхуэсщІмэ фІэфІу, и щхьэр пщащэм мащІэу ещІ.
«Щхьэ хуэзмыщІрэ ІэпІэ, зездзу?» - жысІэ щхьэкІэ, дзыхь схуэмышІ.

Ауэрэ макІуэри зэманыр, си жагъуапэуи сожьэж.
Асмат дэрэ диту хадэм докІуэ, нэпсри къысфІыщІож.
Ди зэІущІэ зэман мащІэм сищІыфакъым гукъыдэж.
Ар си жагъуэу, хьэлъэу си щхьэр, си хэщІапІэм сокІуэлІэж».

XXIV
Хорезм шахым и къуэр Тариэл зэриукІар

«КъокІуэ малъхъэр! Къэсащ!» - жиІэу хъыбарзехьэр гуфІэу къосыр.
Ауэ ищІэркъым тхъэмыщкІэм Тхьэм а малъхъэм ирипэсыр.
Щысщ пащтыхьри нэжэгужэу, къеХуэлІащи зыщІэхъуэпсыр.
Сызбгъадеиэ, щхьэ къысхуещІри, пэгъунэгъуэри сегъэтІысыр.

Абы жеІэ: «Нобэ хуэдэу сыщытакъым насыпыфІэу,
ТІэтынщ лъагэу хьэгъуэлІыгъуэр, уи шыпхъу закъуэм дыхуэгуфІэу.
Дгуэшынщ куэду хъугъуэфІыгъуэр. - А зырщ диЭр хэкугъэгуфІэу,
Дыщыскхьынкъым куэд дот жытІэу, кьинэн папщІэ я гум ІэфІу!»

ХъугъуэфІыгъуэхэр къашэну сэри пщылІхэр сутІыпщащ.
ХуащІа пІалъэм фІимыгъэкІыу, пащтыхь малъхъэри къэсащ.
Дэ ди цІыхухэри гуфІэжу къэса хьэщІэхэм пежьащ.
Шууей защІэу щэ зыбжанэ малъхъэм гъуэсу къызідишащ.

Тепщэм жеІэ: «Утыку хуитым щахуэфщІ хьэщІэхэм хэщІапІэ!
Ауэ малъхъэм, мыслыхьэткІэ, евгъэгъуэт зэ гупсэхупІэ.
Сэ къызжеІэ: «Уэ зыІэжьэ! УмыпІащІэу, исыт уи пІэ.
Къагъуэтынщ ІущІэн ди малъхъэм, иува ди куэдщ дэ лІыпІэ!»

Іуащхьэ щыгур шэтыр хъушэм щІигъэнауэ нэр топщІыпщІэ.
Къэсащ малъхъэр, къопсых и шым, ягъэлъапІэу гуапэу хьэщІэр.
Пащтыхь къуэдзэу унафэщІхэр хьэщІэм пожьэ хуэгумащІэу.
Дээри щытщ гуэшау лъэпкъ-лъэпкъкІэ, - я кьалэныр ягъэзащІэ.

Зэрызехьэм сэри, пэжу, Іуэху зыбжанэ сщІэн хуей хъуащ,
Сэ сешати, тІэкІу зезгъэщІмэ сфІэфІу, унэм сыкІуэжащ.
Сиужь иту Асмат лІыкІуэ тхыгъэ зехьэу ниутЫпщащ.
Тхыгъэм седжэм, итщ зы псалъэ: «КъакІуэт!» - жиІэу. СыгуфІащ.

Арти сокІуэ, къысхуэмыщІэу къызэджэн хуея щІэхъуар.
Асмат гъыуэ щытщ. СоупщІыр: «Сыт ущІэгъыр? Сыт къэхъуар?»
Жэуап къетыр: «Зэи щыщІэнкъым гуауэ уэ пэшэгъу пхуэхъуар.
Уа, си гъащІэр схьыну куэдрэ уэ хей усщІу, жьІэт ар?»

Нестан деж сыщІешэ. Пщащэм и гум пщІэу зыгуэр къреху.
Щхьэнтэм тесщ ар нэкІу шынагъуэу, уІэпІыпщІу, уІупІлъэу.
КъысщІокІие: «Сыт узэжьэр? ЩІумылэжьыр сыт уи Іуэху?
Е, пащтыхьым урителъхьэу, уэ аргуэру блэжьрэ щэху?»

СыщІокІыжьыр зызмыІэжьэу, щІыхьау си гум зэхэсхар.
«ЗэхэкІынщ, - жызоІэ, - хэтми лъагъуныгъэ пэж зиІар!»
Бийм цІыхубзым уриушту, - дапщащ хабзэ ар щыхъуар?
СокІуэж, сигу ислъхьауэ быдэу: сІэщІэкІынкъым псэуэу ар!

Къыхызошри дзэм пщылІищэ, яжьзоІэ: «Фышэс пснынщІэу!»
Шууей гупыр, щым зытщІауэ, дыдокІ кьалэм дыхуэпІащІэу.
Щэтыр щІыбыр зэгузобзри, сыщІохутэр сыкъамыщІэу.
Хэлъщ мэжейри малъхъэр, пэжу, сфІэгуэныхь хъужат ар къасщІэу.

Ауэ сопхъуэри, ар и пІэм напІэзыпІэм къыхызох,
ИзогулІри пкъом щхьэщІыбкІэ, абдеж и псэр щыхызох.
И хъумакІуэм и кІий макъыр джэрпэджэжу мэІу, зэхох.
Сэри, си шым зыздзыжри, сщІэнур сщІат, - зызогъэбзэх.

ХэІущІыІу щыхъум къэхъуа гуауэр, щІыху губжьахэр зэрызохьэ.
Нэпхъэрахэр итщ си ужьым, хьэдэу мэгъуэлъ нысльэщІыхьэр.
Зы быдапІэ гуэр щызиІэт хэкуми, си лъэр абы сохьыр,
Зыдызодзэр абы псынщІэу, нэхъ хьума хъун щхьэкІэ си щхьэр.

ЗэбгрызогъэкІ си щІыхухэр, дзэм хъыбар ирагъэщІэну:
Сэ си телъхьэр, зимыІэжьэу, икІэщІыпІэкІэ къэсыну.
Жэщ мазэхэм епІэщІэкІыу къос зауэлІхэр си гъуэну,
Щыхъум дзэр къэхъуам щыгъуазэ, псалъэ ят къимыкІуэтыну.

Пщэдджыжь пшэплъым зыкъэщИщІ ыкІи сытэтэджри, зысхуэпауэ,
Сольагъу тепщэм и бейтуэлхэр си деж лІыкІуэу къитькІуауэ.
ЕщІ гукъанэ: «Усльэгъуати, си бын закъуэм упэсщІауэ!
АтІэ сыт сыщІэбгъэгуІэр, си гуфІэгъуэр дыдж сщыпщІауэ.

ЖэуаптакІуэ Іейм ди хэкур уэ лъы хей бгъэжам хуишащ.
Си пхъур пщІыну уэ щхьэгъусэ ухэтам, жыпІэн хуеящ.
Иджы уи гъэсакІуэ лІыжьым и дунейр гугъусыгъу хуэпщІащ.
ДылІэжьыху дызэпэІэщІэу тІуми тхьыну къыхуихуащ».

Изотыжьыр жэуап: «Пщышхуэ! СикІуэтынукъым, сылІамэ!
Сыт лІэныгъэр сэ си дежкІэ, пщІэри щІыхьри симыІэжмэ?
ДэркІэ лъапІэщ, уэри уощІэ, тепщэр пэжым телъхьэ хуэхъумэ.
Дыгъэ къепсымкІэ тхьэ соІуэ, сыхуэмейкІэ уи пхъум, пщІэмэ.

Псоми ящІэ Инд пащтыхьым и хэхыкІэу хабзэ хъуар.
АтІэ сэрщ зыІэщІэлъыпхъэр уи унафэм щІэту хъуар.
Уи лъэпкъышхуэм пщыгъуэр лъысу уэ зы закъуэрщ кьинэжар,
КьиувэнкъымнэгъуэщІ уи пІэм, сэрщ ар гъащІэм зритар.

Сыт пщІы супскІэ? Уи псэлъэкІэр къэслъытакъым губзыгъащэу:
Зыпхъущ уэ уиІэр Тхьэм къуитауэ. Къуэ хъуитакъым
пщІэ хуэфащэу.
Хорезм нысэм бжьыпэр естмэ, къысхуэнэжыр сыт гуращэу?
Сыт щІестынур ар нэгъуэщІым? Жанкъэ джатэ сІыгъыр Іэщэу?

СыщІэхъуэпсыркъым сэ уи пхъум, уэсыхуейр уи малъхъэ щІыж.
Ауэ хэкур зым естынкъым. Ар сысейщи, къысхуонэж.
Стрихыну яужь кьихьэм, хъуау тхьэмыщкІэ зребжыж.
Гъусэ щхьэкІи сылъыхъуэнкъым, си къарум сэ срокъуж».

XXV
Тариэл Нестан-Дареджан зэрыкІуэдар къещІэ

КъэкІуа лІыкІуэхэр йожьэжыр... Симызагъэ сэри си пІэм.
И хъыбар Нестани сщІэркъым, сыхэхуауэ сехьыр бампІэм.
ТІэкІу жьы си гум дезгъэхуну сыщыдэкІым бгы лъагапІэм,
Зы шынагъуэ гуэр солъагъури, сожьхь занщІэу абдеж си пІэм.

Сыкъехьыжри бжьэпэм псынщІэу, лъэситІ кьакІуэм сапэжьащ.
ЩтэІэщтаблэу сащекІуалІэм, зыр Асмату къыщІэкІащ.
УІащ и щхьэр, лъыр къыдахуу, нэкІури лъыпсым щИгъэнащ.
Янэм хуэдэу нэжэгужэу, къысІумыщІэу щым зищІащ.

Ар щыслъагъум Іэнкун сохъури, си Іэпкъльэпкъыр къызэфІощІэ.
СоупщІ: «ЖьІэт: хэт иджыри ттелъ бэлыхьыр зыфІэмащІэр?»
Жэуап къетыр гъыу, зэщыджэу, хуэмышэчу и гум щыщІэр:
«Тхьэм тхуищІауэ хуит и губжьыр, тщещІыр нэхъри
дыдж ди гъащІэр».

ЗыхузощІри гъунэгъу пщащэм, соупщІ: «ЖьІэт къэхъуар псынщІэу!»
Ауэ, псалъэ хужьымыІэу, къыщІедзэжри магъ щІэрыщІэу.
ХулъэкІынт жэуап къуитыну, апхуэдизыр и гум щыщІэу?
Телъ уІэгъэм къыпыж лъыпсыр йожэх, и бгъэм лъэужь щищІу.

«БжесІэнщ, - жеІэ,- псори пэжу. - СхуэбзыщІынкъым гуауэ Іейр.
Абы щхьэкІэ лъэІу пхузиІэщ къысхуэпщІэну сызыхуейр:
Си хьэтыр къэлъагъу мы зэми, къэзгъэбгынэ мы дунейр!
Ар къысхуэпщІэн, гугъуехьынщэ Тхьэм уищІынкъым. Сэ зырщ лейр.

НаІуэ мэхъур напІэзыпІэм, хэтми малъхъэр зыуКІар.
КъызэщІоплъэ тепщэр мафІэу, къызэрищІэу къыщыщІар:
«Си деж къафшэ а лІыкІыр!» - жиІэу кьолъ, мэкІий губжьар.
Щысхэм жаІэ: «Иджы дэнэ къипхыжьын абрэдж хъужар?»

ЩыжраІэм, зумыІэжьэу, щыбгым зибдзэу уежьэжау,
Тепщэм жеІэ: «СощІэ, сощІэ къэхъуар псори! Фыбзяу!
Игъэжакъымлъыпсыр пщІэншэу: щытащ си пхъум егуэкІуау.
Къилъытащ абы тІуанэр имыукІмэ, лей хъупау.

Хуэзгъэгъункъым а си щыпхъум, удын бзаджэу къызидзар.
Къэслъхуа си пхъур дзыхь хуэсщІати, фольагъу хэкур зыхидзар.
Лъагъуныгъэ щэху ди бынхэм я кум дэлъу сыт щИдар?
Сыкъренэ сэ тхьэгъэпщІу, езмыщІэжмэ къызищІар!»

Зэи тхьэ иІуэркъым пащтыхьым пщІэншэу, хабзэ ар хуэхъуащ.
Тхьэ иІуакъэ - къимыкІуэту игъэзащІэуи есащ.
Бзэгухь гуэрым пщым и губжьыр Кадж Давар деж нигъэсащ,
ХимыщІыкІми шыпхъум Іуэхум, къыщыщІынум гу лъитащ.

Кадж Давар деж кІуа бзэгухьым жиІар тепщэм хуеІуэтэж:
«ИІуащ тхьэ уи дэлъхум быдэу уиукІыну. Зыхъумэж!».
Давар жеІэ: «Тхьэм сыкъещІэ. - Зы къуаншагъэ сэ си деж
ЩагъуэтынкъымІ! Ар имыщІэу, ер и шыпхъум хуещІ гупыж!»

Нестан уэ укъимылъагъуу кьиГъэщІ гъащІэр фІэІэфІакъым.
Ауэ щыхъуКІи, и дахагъым, хэмыхъуамэ, зы хэщІакъым.
Давар кІийуэ а тхьэмыщкІэм жриІахэр жьэм кьекІункъым.
«СыбукІащ уэ щхьэрыутІыпщым! Ауэ уэри фІы щІэпхынкъым.

ЕбгъэукІыу уи псэлъыхъур! О-о! Напэншэуэ бзаджащІэ!
Иджы сыт сэ цІыху хей лъыпсым сыщІихьынур? Ар кхэзгъащІэ!
Уэ сыт напэр уиІэу дэлъхур къысхуэпщІа бий? О-о! ГуауащІэ!
Гу щыпхуэнкъым уи жьІэщІэу а лІыукІым! Ар зэгъащІэ!»

Къеубыдри пщащэр, ІитІкІэ и напитЫр хузэблеху.
Щымысхьыхэу цІыху тхьэмыщкІэм, еукІ щІыбэр уфІыцІыху.
Ешэч пщащэм удын хьэлъэр зы жимыІэу, зищІау щэху.
Сыщытщ сэри сыгуащІэджэу, си гур къаскІэу ар щэІухъу.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).



Сурэтхэр **Кобуладзе Серго** *ищІащ.*

Дыгъэр щыкъухьэным пэплъэри...

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Дружба» (Мейкъуапэ) - 3:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 28-м. ЦIыху 500 еплъащ.

Судьяхэр: Къушыкъуэ (Белореченск), Майбородин, Степанян (тIыри Дон Іус Ростов щыщщ).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Кузнецов, Тебэрды, Дашаев, Соблир Астемыр (Мурачев, 85), Дзыхьмыщ (Каркаев, 67), Балъкъэр (Дроздов, 62), Семенов (Багъэтыр, 46), Крамаренкэ (Мэшыкъуэ, 46), Бажэ, Гугуев.

«**Дружба**»: Швагирев, Такъла, Мыкъуэ Мурат (Павлов, 60), Соблир Жантемыр, Мыкъуэ Абрэдж, Къуэн Амир (Къуэн Артур, 81), Ахмедханов (Манченкэ, 79), Джамилов, Мендель, Дудин (Датхъужь, 69), Кравченкэ.

Топхэр дагъэкIыу: Соблир Астемыр, 43 (1:0). Гугуевым, 55 (2:0). Швагиревым, 59 - езым и гъуэм (3:0).

Дагъуэ къыхуащIыу: Къуэн Амир, Балъкъэрым, Мыкъуэ Мурат, Дашаевым, Соблир Астемыр.

Джэгум къыхахуащ Бажэр.

НАЛШЫКДЭСХЭР Мейкъуапэ и «Дружба»-м зэрытемыкIуэфрэ зэман кэзд дэкIат. Вэсэпшыхь ар ирагъэкъужащ.

ЗэпэщIэува командэхэм 2015 - 2016 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэр зэмыщIыкIу ирагъэжьат. Ди къэщIэкIэр я стадионым къыщыхагъэщIат Новороссийск къикIахэм, «Спартак-Налшыкыр» Псыхуабэ щытекIуат. Урысей Федерацэм и кубокым екьэлэ зэпеуэми арат - ди щIалэхэр адэкIэ кIуэтат, мейкъуапэдэсхэр къыпихат. Хэт сыт адэкIэ хузэфIэкIыными мы зэIуущIэм къигъэлъэгъуэн хуейт.

Дунейр егъэлеяуэ зэрыхуабэм и зэранкIэ я Іэпкъ-лъэпкъыр зэщIэлIауэ футболистхэр джэгуплI губгъуэм кьихьащ. Ахэр топ джэгуныр, кьеплъыну къэкIуахэм дэрэжэгъуэ гуэр иратыныр хущIэкъуу пльагъуртэкъым. Абы и щыкьэту ирикъунщ. Іыгъ-ныкъуитIым языхэзыр гъуэм щеуар япэ Іыхьэм и ныкъуэм нэблагъэуэ зэрыарар. ДжэгукIэ тэмэм зэхаублэн папщIэ дыгъэр щыкъухьэным ахэр пэплъэу къыпщыхьурт. Пэж дыдэуи, хуабэр мащIэу щхьэщыкIа иужькIэщ командэхэм гъуэм ебгъэрыкIуэн зэрыхуейр къыщаплIэжар. 43-нэ дакъикьэм налшыкдэсхэм я апэ угловойр Бажэ Амир кьыхитащ. ХьэщIэхэм я гъуэм зэрызехьэ абы къызэрыщигъэхъуар кьигъэсэбэпри, Соблир Астемыр ди гъуащхьэуэхэм яхузэфIэмыкIар кьехьулIащ икIи, топыр гъуэм дигъэкIри, бжьигэр къызэIуихащ.

«Спартак-Налшык»-р апэ ищта пэтми, абы и джэгукIэм арэзы укъищынкIэ Іэмал иIэтэкъым. Ар ди тренерхэми зыхащIащ икIи Мэшыкъуэ Хьэчимрэ Багъэтыр Альбертрэ губгъуэм кьрагъэхьащ. Абыхэм джэгум псэщIэ халъхьащ. ЗэрыщIадзэкрэ дакъикьипщI дэкIаугъэ арат налшыкдэсхэм бжьгъэр щагъэбэгъуэм. Мэшыкъуэм кьрита топыр кьиГъэсэбэпри, Гугуевым ар дигъэкIащ.

А Іуэхугъуэм хьэщIэхэр кьигъэдзыхащ. Куэд дэмыкIыу абыхэм езыхэм бжьгъэр ин ящIащ: губгъуэхэтым гуащхьэхъуэмэ хуиГъэжа топыр зэрымыщIэкIэ яIэщIэкIащ.

3:0-р утезыгъэгушхэт. Абы ирихьэлIэу haIуэ хъуат «Черноморец»-р Владикавказ щыIэу бжьгъэшхуэкIэ зэрытекIуар. Новороссийск-дэсхэр къызэранэкIыу турнир таблицэм бжьыпэр щаубыдын папщIэ ди щIалэхэм иджыри зы топ дагъэкIыжьын хуейуэ арат. Абы щхьэкIэ зэману сыхьэт ныкъуэм щIигъу яIэт.

ЖьпIэ хъунукъым «Спартак-Налшыкыр» пашэныгъэм хущIэмыкъуауэ. АрщхьэкIэ къехьулIакъым. Абы щыгъуэми капитанышэу кьэнащ. Джэгур и кIэм нэблагъэпауэ, Бажэ Амир футбол хабзэр хуабжьу къызэпиуду и хьэрхуэрэгъум жьэхэпIащ. ПапIэзыпIэм ар судьям джэгум къыхихащ. КъыкIэлъыкIуэ зэIуущIэм иджы Бажэр хэтынкъым, нэхъыбэжкIэ тезыр кьытрамыльхьэмэ. Абы щыгъуэми ди командэм джэгуГъуэ хьэпъэхэр зэкIэлъхьэжьу Новороссийскрэ Владикавказрэ мыгувэу кьащIэщIыпщ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ 2015 - 2016 гъэхэм етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм кьрикIуа бжьигъэхэм: япэ джэгугъуэ - «**Астрахань**» (Астрахань) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **0:2**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Алания**» (Владикавказ) - **0:0**, «**Іэфыпс**» (Іэфыпс) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **2:1**, «**Тэрч-2**» (Грозный) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **0:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - **0:2**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **0:3**, «**Краснодар-2**» (Краснодар) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **0:2**; етIуанэ джэгугъуэ - «**Биолог-Новокубанск**» - «**Астрахань**» - **1:3**, «**Алания**» - «**Черноморец**» - **0:3**, **МИТОС** - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» - **2:5**, «**Динамо-Ставрополь**» - «**Тэрч-2**» - **0:0**, «**Ангушт**» - «**Іэфыпс**» - **0:1**, **СКА** - «**Краснодар-2**» - **0:3**.

КъыкIэлъыкIуэ, ещанэ, джэгугъуэр зыщыкьэуIум (августым) и 4-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Новороссийск кьалэм щыIуIэнущ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щыдзэыIыгъ «Черноморец»-м.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Черноморец»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**6-0**	**6**
2.	**«Спартак-Налшык»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**5-0**	**6**
3.	«Іэфыпс»	2	2	0	0	3-1	6
4.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	2	1	0	1	5-4	3
5.	«Краснодар-2»	2	1	0	1	3-2	3
6.	«Ангушт»	2	1	0	1	2-1	3
7.	«Астрахань»	2	1	0	1	3-3	3
8.	СКА	2	1	0	1	2-3	3
9.	«Тэрч-2»	2	0	2	0	0-0	2
10.	«Динамо-Ставрополь»	2	0	1	1	1-2	1
11.	«Биолог-Новокубанск»	2	0	1	1	1-3	1
12.	МИТОС	2	0	1	1	2-5	1
13.	**«Алания»**	**2**	**0**	**1**	**1**	**0-3**	**1**
14.	**«Дружба»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-6**	**0**

● Футбол

Хьэбылэмрэ ШащIэмрэ зэдобакъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2015 гъэм и чемпионатым и етIуанэ кьекIуэкIыгъуэм щIидзащ.

ПАШЭХЭМ зэдэууэ я очко бжьгъэхэм хагъэхъуащ - ахэр псори бжьгъэшхуэкIэ текIуащ. Апхуэдэу «Къэхъуным» и стадионым «Бахьсэным» щыхигъэщIащ. КомандитIми зэхэту топибгъу дагъэкIащ.

Бжьыпэр зыыгъым зыкъыкIэригъэхуакъым «ЛогоВАЗ»-м. «Нартым» ар къызэтригъэувыIэфыну куэд щыгуГат, тхьэмахуитI и пэкIэ Бабугент щыIэу хэгъэрейхэр зэрыхигъэзыхьам кьыхэкIыу. Абы щыгъуэм «ЛогоВАЗ»-р 3:2-уэ ерагъыу текIуауэ арат. Зэрызагъэпсэхуа лъэхъэнэр бабугентдэсхэм нэхъыфIу кьагъэсэбэпащ икIи ерыщу загъэхьэзыращ. «Нартым» футболист зыбжанэ зэуэ хэкIыжащ. Арати, бэнэныгъэ щымыIэу хьэщIэхэр бжьгъэшхуэкIэ текIуащ. АбыкIэ езы нарткъалэдсхэр ядэIэпыкъуащ, япэ топищым ящыщу тIур я гъуэм дагъэкIыжри.

«Автозапчасть»-ри къызэрыкIыпат. Абы «Щтауфыр» иригуХащ, топипщI жэуапыншэу худигъэкIри. Бахьсэндэсхэм я гъуащхьауэ нэхъыфI Хьэбылэ Алим 8 кьыхэжаныкIащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ ар лъэщIыхьэжащ иужьрей джэгугъуэм япэ кьища ШащIэ Бесльэн. ЗэIуущIэ кIуам кьэхъундэсым дигъэкIа топикьр мащIэу кьыщIэкIащ. КъБР-м и мыгъэрей зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъыфIитIыр иджы зэдобакъуэ, дэтхэнэри 39-рэ къыхэжаныкIауэ. Абыхэм я зэныкъэкъуныгъэм рекордыщIэ къызэрилъэнум щэн хэлъкъым. ИлъэсищI и пэкIэ ШащIэм топ 55-рэ дигъэкIауэ щытащ. Апхуэдизрэ нэхъапэми иужькIи зыри кьыхэжаныкIыфакъым. Иджы деплъынщ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым хэт командэхэм етIуанэ кьекIуэкIыгъуэр зэрыщIадзам: «**Автозапчасть**» (Бахьсэн) - «**Щтауч**» (Шэджэм) - **10:0**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **4:1**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **4:3**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **1:5**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **6:1**, «**Союз**» (Налшык) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2:0**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Бахьсэн**» (Бахьсэн) - **7:2**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **0:3**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Къэхъун»	16	13	3	0	69-14	42
2.	«ЛогоВАЗ»	16	12	4	0	64-25	40
3.	«Автозапчасть»	16	12	3	1	71-22	39
4.	«Союз»	16	10	2	4	43-26	32
5.	«Кэнжэ»	16	8	2	6	46-42	26
6.	«Нарт»	16	8	1	7	42-36	25
7.	«Велес»	16	7	1	8	42-58	22
8.	«Тэрч»	16	7	0	9	37-48	21
9.	«Бахьсэн»	16	6	2	8	23-46	20
10.	«Бедик»	16	6	2	8	26-33	20
11.	«Къэбэрдей»	16	5	4	7	35-44	19
12.	«Спартак-Д»	16	6	0	10	34-32	18
13.	«Шэджэм-2»	16	4	2	10	25-45	14
14.	«Псыгуэнсу»	16	4	1	11	21-46	13
15.	**«Родник»**	**16**	**3**	**0**	**13**	**42-72**	**9**
16.	**«Щтауч»**	**16**	**2**	**3**	**11**	**28-59**	**9**

Батыр Мухьэмэд и фэеплъ зэхьэзэхуэ

Псыхъурей къуажэм дэт стадионым щыщхьэIум и 2-м щекIуэкIынущ генерал-лейтенант Батыр Мухьэмэд Тучэ и къуэм и фэеплъ зэхьэзэхуэ. 1999 - 2000 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэр футболымкIэ зэпеуэнущ.

КъЫТЩIЭХЪУЭ щIэблэр Іэуку гуэрым дегъэзыхэным, кьапщтэмэ, футболым нэхъыбэ кьыхэшэным теухуащ мы зэхьэзэхуэр.

Япэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къэзыхь гупхэм кубокхэр, медалхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ иратынущ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахьсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапи Iэ.



Адыгэ абрэджхэм Истамбыл бэзэрым гъэрхэр щащэ.
Сурэтыр **Аллан Уильям** *ищIащ. 1838 гъэ*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

● Гу зылъытапхъэ

Дыгъуасэ лъандэрэ

Ди газетым нэхъ апэкIэ зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІуэхугъэмкIэ и министерствэм ирегъэкIэкI Сабийхэм я творчествэмкIэ республикэ унэр кьыщызэIуахым ехьэлIа зэпеуэ. Ар теухуащ а Іуэхущ Іапи Iэм зэреджэр зэратх хьэтIымрэ абы и дамыгъэмрэ кьыхэхьыным.

Зэпеуэм хэт хьунущ творчесхэ гупхэри Іэщ Іагъэлl щхьэхуэхэри. Абы хэтынухэм я лъэIухэр дыгъуасэ щIадзауэ кьыIах. Документхэр зыщыхьэуIум и 6-м нэсыху кьагъэхь хьунущ. Кьагъэхьаматериалхэм холпъэ зыщыхьэуIум и 6 - 9-хэм. ТекIуам саугъэту сом мин 50 иратынущ, япэ саугъэтыр зыхуагъэфэщаxэр мы проектхэр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыгъэхэм кьыхашэнкIэ хьунущ.

Конкурсыр зэрекIуэкIынум нэхъ зэпкърыхуауэ щыгъуазэ зыщыфщI хьунущ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІуэхугъэмкIэ и министерствэм и http://www.edukbr.ru сайтым.

КъБР-м и Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапи Iэ.

● ФСБ-м и щIыналъэ Іуэхущ Іапи Iэм

ИлъэситIрэ мазихрэ тралъхьэ

КъызэрахутамкIэ, Шэджэм щIыналъэм и мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэхэм ящыщ зым и унафэщIым унагъуэ Іэщ фермэм зригъэужьын папщIэ, 2012 гъэм гранту хухаха сом 1868/750-р нэгъуэщI Іуэхукъ Iэ къигъэсэбэпащ.

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Налшык къалэ судым кьищта унафэмкIэ, бюджет мылькушхуэ зэхэзыдыгъуар УФ-м и УК-м и 159.2-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэмрэ 372-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэмрэ къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьамкIэ яГъэкъуанэжри, тезырыр къызэрыгъэкI колонием щрихьэкIыну, илъэситIрэ мазихкIэ яГъэтIысащ.

Урысейм и ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапи Iэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ТкIийуэ ябгъэдыхьэркъым

Къэрал кIуэцI Іуэхуэхмкl Іэнатlэхэм балигъ мыхъуахэм ядэлэжьэнымкIэ я къудамэхэм ныбжьыщIэ кIэрыутIыпщхэмрэ зэранщIакIуэхэмрэ якIэлъыплъынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр КъБР-м и прокуратурэм къыпщытащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым Налшык транспортыр щыIув и уэрам зэхэкIыпIэхэм ныбжьыщIэ куэд щыпэкIуу кьахутащ. Псалъэм папщIэ, Кировымрэ Мэлбахъуэмрэ, Кировымрэ Идарымрэ, Идарымрэ Мэлбахъуэмрэ, Осетинскэмрэ Ленинымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм, нэгъуэщIхэми я зэблэкIыпIэхэм кьыщыгъувыIэ автотранспортхэр ахъшэ хэхыпIэ ящIащ. КъыщынэмыщIауэ, балигъхэм сабийхэр а Іуэхум хашэу кьахутащ.

Арами, а мыхъумыщIагъэхэр кьызэпыудыным хуэунэтIауэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм зэфIагъэкIыр мащIэщ.

«Ныбжьыщ Іэ кIэрыутIыпщхэмрэ зэранщ Іакl уэхэмрэ профилактикэ зэращI щIыкIэм и Іуэхукl Іэ» 1999 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м кьащта Федеральнэ закон №120-ФЗ-м инкъ иткIэ, жылагъуэм кьемызэгъ мыхъумыщIагъэхэм сабийхэр хэзышэхэр, апхуэдэу балигъ мыхъуахэр гъэсэным, егъэджэным, зыхуейхэмкIэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ зи кьалэнхэр зымыгъэзащIэ е абыхэм емыгугъу адэанэхэр, а псор хабзэкIэ зытехуэ лIыкIуэхэмрэ кьулыкъущIхэмрэ кьэхутэныр кьэрал кIуэцI Іуэхуэхмкl Іэ IэнатIэхэм балигъ мыхъуахэм ядэлажьэ я къудамэхэм я пщэрылъщ.

Республикэм и прокуратурэм и унафэкIэ, муниципальнэ органхэм, ныбжьыщIэ кIэрыутIыпщхэмрэ зэранщIакIуэхэмрэ щакIэлъыплъ Іуэхущ Іапи Iэхэм я унафэщIхэм зэIущIэхэр драгъэкIуэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэрал кIуэцI Іуэхуэхмкl Іэ и министрым и цIэкIэ тхыльэ яГъэхьэзыращ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапи Iэ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур шыщхьэуIум и 1-рщ.

● «Кавказ джэгукIэхэр-2015»

Лъэщхэмрэ жанхэмрэ я мащIэкъым

Лэскэн щыналъэм хьихьэ Арщыдан къуажэм дэт «Бедик» стадионым щекIуэкIащ «Кавказ джэгукIэхэр-2015» спорт зэхьэзэхуэр. Район зэпеуэм хэтащ щIыналъэм и къуажэхэм я спортсмени 150-рэ (илъэс 17 ныбжьым щхьэдэхахэр) къызэщIэзыубыда команди 7. Ахэр спорт лIэужьыгъуэ 11-кIэ зэпеуащ.

СТАДИОНЫМ щызэхуэсахэр ирагъэблагъащ «Анзорей» цIыхубэ ансамблым и къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм. Урысей гимныр кьеуэу Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр командэхэм я капитанхэм яIэтащ.

Район администрацэм и Іэтащхьэ АфIэунэ Аслъэн спортсменхэм ехъулIэныгъэ яIэну зэригуапэр жиIащ. Мыпхуэдэ фестивалхэм лъэпкъ щэнхабзэр хьуэмэныр, спортым зегъэужьыныр, Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щыпсэухэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныр я купщIэу зэрыщытыр кьыхирихьэщри, зэпеуэр кьызэIуихащ.

Зэхьэзэхуэхэр гуащIэу екIуэкIащ. Хьэлъэ гъэIэпхъэуэным щытекIуащ Іэрэмысэ Елдар (Арщыдан къу.) БашкIэ зекIуэным кьыщыхэжаныкIащ Исин Руслан (Хьэтуей). Армспорт зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ хьэтуейдэс Бищо Артур (кг 80-м щIигъу), Анзорей щыщ Іэпкъеуэ Мухьэмэд (кг 80), арщыдандэс Бозий Владимир (кг 65-рэ).

КIапсэ зэпкъым Урыху и команд щытекIуащ, къару троеборьем арщыдандэс Іэрэмысэ Елдар пэлъэщIи къэзкIакъым. Іэрэмысэ щIалэхэм тIури Хьэтуей щыщщ. Хьэлъэ я деж бжьыпэр щиубыдащ Бетрожь Альберт, хьиджабэхэм къажэхэжаныкIащ Бэкьыкъуэ Сэтэней, Дэлъеиныкъэ зэпеуэм щIалэхэм тIури Хьэтуей щыщщ. Хьэлъэ къэIэтыныкъэ нэхъ лъэщу кьыщIэкIащ арщыдандэс Башиев Роман.

Эстафетэ 4х200 зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр кьыщихьащ Анзорей къикIа гупым.

Командэ зэхьэзэхуэм щытекIуащ Хьэтуейм и гупыр, Арщыданым и командэм етIуанэ, анзорейдэсхэм - ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

«Кавказ джэгукIэхэр-2015» фестивалым и рапортэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэм медалхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ иратащ. Мыбы щытекIуахэм ящыщхэр республикэм щекIуэкIыну зэпеуэхэм кьэкIуэнущ.

Лэскэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапи Iэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щlхьэщэмыщl Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкl Іэ - 42-22-86; кьужьэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапи Iэхэм я ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапи Iэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зэчыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапи Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Къумахуэ Аслъэн, корректорхэу **Щоджэн Инн**э *(1, 4, 6-нэ нат.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 5-нэ нат.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дот Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.017 ● Заказ №1297